# Нур

ISSN 0207-6551

6+

4
2016



# РЕДАКТОРЫМ И ПСАЛЪЭ

*Ди ныбжьэгъуфIхэ, мэлыжьыхьыкIэ адыгэр дызэджэ мы апрель мазэр махуэшхуэхэмкIэ къулейщ. Абыхэм ящыщу плIым гу лъыттащ мы къыдэкIыгъуэм:*

*Апрелым и 1-р, дуней псом зэдагъэлъапIэу, бзухэм хухаха махуэшхуэщ; гушыIэм и махуэщ.*

*Апрелым и 2-р, сабий тхыгъэм хухахауэ, фэрэ дэрэ дыдейщ.*

*Апрелым и 15-р културэм и махуэщ.*

*Мис а махуэшхуэр псом я нэхъ лъапIэжу къэтлъытэри, цIыкIухэ, ди журналым зэи темытауэ, IуэрыIуатэ хъыбарыр сурэту фэзыгъэлъагъу «комикс» фхуэзэхэтлъхьащ. Ар япэу фэращ зылъагъунур.*

*«Чэщей пхъэмбылъэм» къитх псысэхэмрэ «Адыгэбзэм и пшыналъэ» зыгъэIу усэхэмрэ мы къыдэкIыгъуэми, къыкIэлъыкIуэнухэми ивгъуэтэнущ. Абы къахэхъуащ Нур ЦIыкIураш фызыхуишэ джэгу-зэпеуэри. Илъэж псокIэ абы фыхэтрэ, фыщытекIуэмэ, ЦIыкIураш фхуигъэтIылъгъуэ саугъэтхэр фигъэлъапIэу къывитыжынущ.*

*Мы зымкIэ дыволъэIуж: «Нурыр» унщIэрейщи, а журнал цIыкIур фэри жэуапыниэ фымыщI. Фыкъытхуэтхэ, хъунIэ?..*



*ТОЛСТОЙ Лев*

# ПЩЫМРЭ ДЖАНЭМРЭ

*Апрелым ягъэлъапIэ сабий тхылъым и махуэр. Иджыпсту флъагъу таурыхъыр, урыс тхакIуэшхуэ* ***ТОЛСТОЙ Лев*** *и IэдакъэщIэкIыр, адыгэбзэкIэ зэи дунейм къытехьакъым. Фыкъеджэт, цIыкIухэ, девгъэгупсысыт Толстой итхыжа таурыхъым хэлъ Iущыгъэм.*




Зы пщы гуэр сымаджэ хъуат.

– Си пщыгъуэм и зэхуэдитIыр естынт хэт сигъэхъужми! – жиIащ абы.

Арати, лIы Iущ гуп зэхуэсри пщым узыр шхьэщаха зэрыхъунум егупсысахэщ. ЗэхуэсахэМ яЩыщу нэхъ Iущым жеIэ:

– Пщыр узыншэ хъужын папщIэ, цIыху насыпыфIэ къэгъуэтауэ, абы и плIэм илъа джанэ зиусхьэным щытIэгъэн хуейщ.

Ар щыжраIэм, пщым унафэ ищIащ лъахэм апхуэдэ цIыху кърагъуэтэну.

Лъэныкъуэ псомкIи зэбгрыкIащ лIыкIуэхэр. Ауэ дапхуэдизрэ къамылъыхъуами, зи псэукIэмкIэ арэзыуэ зы цIыхуи лъахэм ирагъуэтакъым. Хэт къулей щхьэкIэ, – сымаджэт; адрейр узыншэми, – къулейсызт. Хэти икIи къулейти, икIи узыншэт, ауэ е и щхьэгъусэкIэ, е и бынхэмкIэ гукъеуэ иIэт. Щхьэж и мыгъуагъэ иIэжти, псори тхьэусыхэрт...

Зэгуэрым пщым и къуэр гуващэ зыщIыпIэ къикIыжырт. Унэ пхашэ цIыкIу гуэрым къыблэкI пэт, абы зэхех: «Ари Тхьэм и шыкурти, мис, сылэжьащ, зызгъэнщIу сышхащ, иджы сыжеижми хъунущ. Абы нэхъыбэ сыт сэ сызыхуейр?»

Ар зэхэзыха пщы щIалэм гуфIэу унафэ ещI мобы зыхуейм хуэдиз ахъшэ ирату и джанэр къыщахыну; итIанэ а джанэр и адэм, пщым, къыхуахьыну.

Iуэхутхьэбзащ1эхэр кIуат апхуэдэ дыдэу ящIын я мураду. Арщхьэк1э, щIыхьэри... а цIыху насыпыфIэр апхуэдизкIэ къулейсызти, джанэ къудеи ипкъ илътэкъым.

Зэзыдзэк1ар
***ХЬЭЦIЫКIУ Раминэ***

ДАРИЙ Хужь

# МЭДЭ УСАКІУЭ ЗЭРЫХЪУАР



Мэдэ адрей щІалэжь цІыкІухэм къазэрыщхьэщыкІыр зы закъуэщ: тогупсысыкІ. Уздепсалъэм, жыпІэри уэри укъыфІэмыІуэхужу, уэгум дэплъейуэ щІедзэри, «все, тІэщІэкІащ ди усакІуэр, дэ дымыщІэу абы мо уафэм къриджыкІыр тщІащэрэт», жаІэурэ и ныбжьэгъухэр зохъуцацэ. КъызэрыщІэкІамкІэ, а дэплъеиныр Мэдэ зэрыцІыкІурэ и хьэлщ.

– ЦІыкІухэ, дэ къэтщІа фи гуъэкъэ ар щІыдэплъейр?! АбыкІэ къехыу аращ Мэдэ и усэхэр. Фи фІэщ мыхъумэ, мыр ёзыращ зытхари, фыкъеджэ.



1

«Сэ уафэм сыдэплъейм–сыдэплъейуэрэ, сызэгупсысхэр стхыуэ щІэздзащ. ФІы дыдэу сощІэж, мис мыпхуэдэу зэкІэлъыкІуат си гупсысэхэр:

1. Къос, къопс, къох, къощх.
2. Уэсыр къосыр, дыгъэр копс,
Уэр къоухыр, уэшхыр къощх.

9



Ар зэрыусэм сыщыгуфІыкІри сылъэгэным хуэдэу сыгуфІащ. ИтІанэ зысплъыхьри, дыгъэпс махуэти, а сэ сфІэфІ дыдэ сурэтыр къыщысльагъум, си фІэщыпсу усэн щІэздзащ, мыпхуэдэу:

Й



4. Іуащхьэмахуэ уэс къытосэ,
Къытесари темыкІыж.
Ар уэс пыІэу къыщхьэронэ,
Къыщхьэронэ, щымыхуж.

8



4

Стхар мами нани езгъэльагъуу, къысщытхъуа нэужь, аргуэру си тхылъымпІэ напэр сІыгъыу унэм сыкъыщІэщІэфтри, Іуащхьэмахуэ сеплъурэ си усэм пысщащ:



5. Іуащхьэмахуэ дыгъэ топсэ,
ПыІэр дыщэу къыщІедзыж,
Дыгъэр Іуащхьэм и нэкІу йопсэ,
ЖьакІэ уэсыр къыпоткІуж...

6 7

А усэр си егъэджакІуэм зэрыІэрыхьэу си сурэтри гъусэ хуищІщ, аби, «НУР» журнал цІыкІум къытрырагъэдзащ. Мис абдежым сэ «УсакІуэ» щэр къысфІащащ. Иджы сыусакІуэщи, хэти сыхуоусэ».

Мэдэ нэхъыбэрэ зыхуэусэр фщIэрэ хэтми, цIыкIухэ?

Мес, нанэ и IэпIохуэ щабэр Мэдэ къылъимыгъэсыжу итIэтIыхьауэ ис гъыринэжь цIыкIу ТIатIэщ. Абы зэпымыууэ Iупщ]э баринэ ищIурэ нанэ зрегъэдэхащIэ, Мэдэ зэгуэпурэ и шыпхъум хуолъ. АпщIондэху, дауи, нанэ Мэдэ къыщIогубжьэри Iуеху, мо Iейм и Iэбэ пшэрытIэхэр хущIигъашэурэ мыхэр жриIэу йоубзэ:

– Мыр зы. Мазэм и закъуэщ.
– Мыр тIу. IитIыр зэхуэдэщ.
– Мыр щы. Iэнэр лъакъуищщ.
– Мыр плIы. Унэр къуапиплIщ.
– Мыр тху. Iэпхъуамбитхур зэщщ.
– Мыр хы. Хым хэхуэр етхьэлэ.
– Мыр блы. Вагъуэзэшиблым загъазэ.
– Мыр й.– Йим гъуэщIыр ешх.
– Мыр бгъу.– Яубгъур алэрыбгъущ.

– Мыр пщIы.– IэпхъуамбипщIыр зэгурыIуэу мэпсэу,– жери ТIатIэ и IэгуитIыр хуэзэтрегъауэ нани, модрейм и дзитIыр къыIупсу къогуфIэж. Мэдэ и зэданэ мышыум къыбгъэдэкIыну хуимыту адрей пэшым къыщIоплъ, и Iэр зыщIигъэкъуарэ хущхьэу. ИтIанэ и зэданэр иретхъуэкIри, нэкIутIэм усэ пIаскIуэ хуиусу щIедзэ:

1

Дэ ди нанэ епщ хупцIынэ,
ТIатIэ ещхьу хужьрэ цIынэу.
ПIырыпIыжу егъэтэдж,
Лэкъум тхъуэплъу егъэжьэж.

ЗэпытIэтIу а хупцIынэм
Ещхь ди ТIатIэ и нэкIу иныр
Къыгуэсшыну си гур къоплъ,
Арщхьэ, нанэ сэ къызоплъ.

Нанэ ещIэ си гум илъыр,
Сэри сощIэ ягу къысхуилъыр.
А нау Iейм зэ сыщIэрыIэм
Гуэщым сахур къысщIэрыIэу.

Сэ абы сыщIыщIэрыIэр
Езы дыдэм сымыщIэж...

*– А-а-а, къээмыщIэжыр,*
*къэсщIэжа!*

2

НэпIытI хъужу а хужь тIатIэр
Уэшх къешхыхукIэ хохьэ ятIэм.
Къыхызошри ТIатIэ ятIэм,
Къыгузош и нэкIу хужь тIатIэр.

Мис абдежым а пшэрытIэм
ЗэхепIытIэ и нэкIутIэр.
IэштIым бэвыр къызэкъуех,
И къуах-сыхыр къызэIуех.

*И фIэщыпэу зэрызауэр*
*СщIэуэ, тIэкIу зызогъэзауэ.*

3

Мис итIанэ, ар пIэтIауэу,
Жезмыгъэлэу цIутI, лъэкъуауэу
Сэ солъэфыр пэш щIыIэжьым,
Хуэсхьу ар бэдж лъэкъыцэжьым.

ЗэпотIэтI, мыпIэтIэуэжу,
ЦIутI жимыIэу, «мыбэуэжу»...
Мис итIанэ соутIыпщыжыр,
КъеплъэкIыжурэ IуокIыжыр.



...СытекIуа сфIэщIами ТIатIэм,
СфIыхохьэж аргуэру ятIэм.

Мэдэ зэреплъыр къелъагъури, ТIатIэ къыхуогуфIэ, мыдрейм номиным хуэдэу зыхузэкIэщIеш.

ЦIыкIухэ, фэрэ дэрэ тхужыIэнукъым Мэдэ и шыпхъу цIыкIур фIыуэ имылъагъуу, ауэ ар абы хуэгуоп. Сыт щхьэкIэ? Фэ фи дэлъху-шыпхъу нэхъыщIэхэм дауэ фазэрыхущытыр? Фи жэуапхэр къытхуэфтх.

# КЪУАЛЭБЗУХЭР



## КЪАШЫРГЪЭ

*Ястреб*

Гъатхэр къихьэмэ, къашыргъэм
Хедзэ пщIантIэр хьэргъэшыргъэ,
Ди джэд къуртри мэгужьей, –
Затреубгъуэ и джэджьейм.
Ауэ бзухэм къахуэмыщIэ
А къашыргъэм и гурацэр:
Ар джэдкъазым хуэмыныкъуэ,
Зэщэр ар къуажэ тхьэрыкъуэщ.



## КЪЫУХЭМ Я СУРЭТ СОЩI

*Лебеди*

Псым щес къыухэм дахэкIейуэ
ЗащI, загъэпскIыр – хьэлэмэтщ.
КъабзэкIейуэ уэс чэсейми,
Нэхъ къабзэж защIыну хэтщ.
Дэ ди нани ар къызжеIэ:
«ЗыптхьэщIыхукIэ – къабзэ уохъу»
Зэпымыуэ стетщ и нэIэ,
ЛIы сыхъуну къызохъуэхъу.
Сэри, зэи сымыщхьэхыу,
Щичэзум деж зызотхьэщI...
Мо къыу хужьхэм, сыдахьэхыу,
Я сурэтыр дахэу сощI.



## ЖЬЫНДУ ШЫР

*Сова*

Жейбащхъуэнэщ жьынду шырыр,
И нэр къижми, ар мэжей.
Жэщыращ къыщыушынур,
КIыфI хъум – ЩакIуэхэ ярейщ.
Дамэдууэ тесщ къудамэм, –
Махуэм дзыгъуэхэр и пщIыхьщ,
Быдэщ, жанщи и лъэбжьанэр,
Жэщым ахэр и пшэрыхьщ.





ХЬЭТУ Пётр





## КЪРУХЭР

*Журавли*

Уэсыр, мылыр текӀыжащ,
Кърухэм, мес, къагъэзэжащ,
Зэпэджэжхэурэ мэкӀий,
Зэхуахьэс мэкъу щабэ, шхий, –
Жыгыжь щхьэкӀэм абгъуэ щащӀ,
УнагъуэщӀэ, мес, къагъэщӀ.
Дади жеӀэ: «Зым хуэмыдэу,
Я жьэгупащхьэр кърухэм быдэщ,
Зым Ӏэпыхур зым къищтэжу,
Зэдопсэухэр зэхуэпэжу».



## ПСЫХЭУЭ

*Цапля*

Псыхэуэшхуэу лъакъуэ кӀыхьыр,
И пщэр хишу, псыщӀэм хэтщ,
И зыщӀыкӀэм сыт кърихыр?
КъыпфӀегъэщӀыр тӀэкӀу хухэт.
Щэхурэ сакъыу... зокӀуэ хуэму,
И мурадыр тхьэм ищӀэнщ,
Зэзэмызи псыщӀэм хоуэ,
СепэгъэкӀуэнщи ар къэсщӀэнщ.







## УЭГУНЭБЗУ

*Жаворонок*

Пщэдджыжь бзыгъэу уэгум йохьэ,
Налкъут щыгъэу зэпощэщ,
Макъ гуакӀуащэу къиӀущэщри
Жьыбгъэу удзхэм йопэщэщ.
Сыту дахэ губгъуэ хуитыр,
Епэр къафэм хьэщыкъ уащӀ!
Къэушауэ псэ зыпытым
Уафэм итым фӀыщӀэ хуащӀ.

КЪАРМЭ Іэсият

# БЗИИХУ ФО

Дыгъэр иджыри лъагэу Таурыхъ мэзым къыщхьэщытщ. Бзу пшыналъэм зыІэпиша жыгей Дотэ зэщІэдэІукІыурэ мэщхьэукъуэ. Абы и гулъ быдэ цІыкІухэм дыгъэ бзийр зыщІашэурэ загъафІэ...

Дотэ и тхьэкІумэ зэуэ къоцырхъэ лъэ макъ. Макъыр гъунэгъу къэхъуурэ сэмэгумкІэ зыгуэр къыкъуоцІэфтри жыгей лъабжьэм къыщІоджэразэ. Дотэ абы къыхуоплъыхри мэдыхьэшх:

– Мыр сыт, ЦІыкІураш, сэлам-чэлами ухэмыту къыщІэбжыхьыр?

– Сэлам уэлейкум, Дотэ, къысхуэгъэгъу, кхъыІэ, сытегупсысыкІати аращ, – жиІэурэ ЦІыкІураши жыгейм худоплъей.

– Уалейкум сэлам, лІы цІыкІу. Хуабжьу уопІащІэри?

– Уэи, сопІащІэмэ тІэ, си ныбжьэгъу Дахэнур сигъэгузавэри сыкъыщІэпхъуат, – жи мыдрейм.

– Дахэнур сыт къыщыщІар?

– Гъэ еджэгъуэр икІэ щынэблагъэм, сымаджэ къэхъуащ. Плъыржьэрщ, и тэмакъри къоуз. Бзииху[1] фо сэбэп хуэхъуну нанэ жиІати, мыдэ мэзымкІэ сыкъекІуэкІауэ арт. Ауэ бзиихур дэтхэнэрами къысхуэгъуэтыркъым, – зеплъыхь щІалэ цІыкІум.

Дотэ и къудамэхэр щхъыщхъыу мэдыхьэшхри:

– А уэзплъыр бзиихукъым, нэ топ, бжейщ[2] ар. МодэкІэ кІуатэт. Плъагъурэ а дахэшхуэр? Мис ар – бзиихущ. Ауэ хэт къыбжиІа абы фо пылъу?

---

[1] *Бзииху* (жыг) – липа.
[2] *Бжей* (жыг) – бук.

– Хьэуэ, Іэгъу! СощІэ сэ мыІэрысэм ещхьу жыгым фо зэрыпимыщІэр. Ауэ бзииху гъэгъам бжьэхэр йопщІри фо къызыхах хущхъуэр зэхуахьэс.

– Зыгуэрхэми ущыгъуазэщ уэ. ЛІышхуэ ухъуа къыщІэкІынщ. ИтІани пщыгъупща, бзиихур щыгъагъэр гъэмахуэм и шылэщ, е шыщхьэуІущ. Иджыпсту гъатхэщ, ЦІыкІураш. ТІэкІу пасэкъэ?

– Уэи, ари пэжмэ, Дотэ, ауэ таурыхъ мэзым телъыджэ Іэджэ щызэблокІ, хэт ищІэрэ? ИтІанэ, фо сымыхьу Дахэнур сыхуэкІуэни сфІэемыкІущ. Ар си ныбжьэгъуфІщ сэ, – ЦІыкІураш гупсысэурэ къонэщхъей.

– Уэри ущІалэфІщ, тІу, – погуфІыкІ Дотэ, – фІы зигу илъ – фІы къыоплъэ, жаІакъэ?! Таурыхъым зэи укъигъапцІэкъым, – жери, Дотэ жыг гуэрэным хэплъэурэ маджэ:

– КІэбапхъэ! ЩІэпхъуи Лъэбыцэ къысхуеджэ. Нэгъабэрей гъэтІылъыгъэм щыщу фо къыздищтэнуи жеІэ абы.

КІэпхъ гъуэплъ цІыкІухэр пкІэщлъейри бзэхащ. Куэди дэмыкІыу абы къигъэзэжащ Лъэбыцэ щІыгъуу. Фоужьыр къызыщхьэщиху кхъуэщын гъуатІафэр сакъыу ЦІыкІураш ІэщІигъэувэурэ мыщэм жеІэ:

– Нащтэ, си ныбжьэгъу. Уи кІэн къикІащ. Фо хугущ. Бзииху фо къабзэщ. Си Іуэхущ ар Дахэнур игу иримыхьмэ! Хущхъуэ хухъу, тІасэ!

ЦІыкІураш гуфІэщауэ кхъуэщын цІыкІур къепхъуатэри Лъэбыцэ хуэгуфІэурэ жыгеижьым худоплъей:

– Сыту хуабжьу сывгъэгуфІа, Дотэ! Уэри, Лъэбыци, КІэбапхъи Тхьэм дыгъэрэ уэшхрэ фыщимыгъащІэкІэ!

Жыгей Дотэ, зэхихыр фІэфІу, ЦІыкІураш къыхуоплъых:

– ЛIыфI ухъу! Ауэ таурыхъым къыхэгъуэщахэр фо къудейкIэ ягъэхьэщIэрэ? Фо хущхъуэр къызыпаха бзиихум и псысэм уедэIуэнтэкъэ? Дахэнури хуэпIуэтэжынт итIанэ...

– Ахьей седэIуэнт, Дотэ! КъызжепIэжын?

Жыгеижьым и къудамэхэр аргуэру зэщIощхъыщхъэ:

– А-д-д-э, зэман пасэу, щIы Iыхьихыр хы шынагъуэм къыщыхэкIуэтам псэуащ зэщхьэгъусит!, ЦIыкIураш. ЛэжьакIуэшхуэт ахэр, ауэ хуэкъулейсызт. Быни яIэтэкъым. Апхуэдизкlэ цIыху яфIэфIти, щIакхъуэ Iыхьэ фIэкIа я Iэнэ темылъми, зимыIэхэм ядэгуашэрт. Тхьэр абыхэм къакIэлъыплъырт игъэунэхуу. Ауэрэ жьы дыдэ хъуащ зэщхьэгъусэхэр. ИкIи Тхьэм тыгъэ лъапIэу ар къахуигъэфащэри, апхуэдэу дахэу щыпсэуа дунейм тришыжакъым. Жыг теплъэ къаритри тIури щIым къытринащ. Дадэр жыгейуэ, нанэр – бзиихуу. Iущыгъэмрэ фIымрэ я нэщэнэщ а жыгитIыр. Абыхэм къапкъырыкI фIым дуней щыIэху цIыхур хуэныкъуэнущ. Аращ, ЦIыкIураш, таурыхъым жиIэр. Бзиихухэр дунейм лIэужьыгъуэ 80-уэ тетщ. Абыхэм къагъэщI илъэс 150 щегъэжьауэ 1000-м нэс. Языныкъуэхэр апхуэдизкIэ абрагъуэщи, я дакъэхэр IэплIакIуэу бгъу – пщIым ноблагъэ. Я лъагагъыр метр 50-м щынэс къохъу. Жыгейрщи, Iущыгъэм и дамыгъэу, гъащIэ кIыхь зиIэщ, – ар къепсэлъри Дотэ щым мэхъу...

ЦIыкIураш къыщIежьари щыгъупщэжауэ бзиихумрэ жыгеижьымрэ зэпеплъыхь.

Абы хэту Дотэ Лъэбыцэ зыхуегъазэри:

– ГъэкIуэтэж ди хьэщIэр, Лъэбыцэ, – жиIэурэ ЦIыкIураши сэлам кърехыж.

Мэзыбгъум нэс кIуащ Лъэбыцэрэ щIалэ цIыкIумрэ. Мыщэр мэз гуэрэным къыхэту кIэлъыплъырт бзииху фо кхъуэщыныр гуфIэу зыхь ЦIыкIураш...

### ЦIыкIураш ещIэ:

*Дунейм бзиихуу тетым и [illegible] Словение [illegible]. А [illegible] илъэс 850-[illegible]. Жыг дакъэм [illegible] (8) и [illegible].*

### ЦIыкIураш щIоупщIэ:

*[illegible]*



# Жу Озан



ЦIыкIухэ, фэ зэрыфщIэщи, адыгэ куэд хамэ къэралхэм щопсэу. Ди журналым тедмыдзэну тхуэзэфIэкIакъым Тыркум ис ди лъэпкъэгъухэм ящыщу Жухэ Озан, адыгэ щIалэ цIыкIум теухуа хъыбар. Ар Къайсэр къалэ щопсэу.

Озан илъэсих хъууэ аращ, ауэ апхуэдизкIэ талантышхуэ иIэщи, псоми ягъэщIагъуэ абы и пшынэ еуэкIэр, пасэрей адыгэхэм я пшыналъэхэр абы и пшынэм дахэ дыдэу къызэрырыригъэкIыр. «Дэнэ ахэр щызэхихыр?» – жыфIэрэ фыщIэупщIэмэ, Озан къыщыхъуа унагъуэм, зыщыщ лъэпкъым пшынауэ куэд къахэкIащ. И адэ Къэхьрэмэни, абы и шынэхъыжь Борани макъамэр фIыуэ ялъагъу. И анэ Сема сабийхэм яхэлъ зэчийм зэрызиужьынымкIэ ядоIэпыкъу, трегъэгушхуэ, и адэ къуэш Къайхьан Тыркум и адыгэ пшынауэ нэхъыфIхэм хабжэ. Флъагъурэ ар зэрыхъу?!

Куэд щIакъым Озан сабий макъамэ школым зэращтэрэ, икIи нотэ тхэкIэр, макъамэ хабзэхэр зэрызэригъащIэм нэмыщI, езыр-езыру фортепианэм адыгэ уэрэдхэри, европей, тырку макъамэхэри дахащэу къригъэкIыурэ, и Iэзагъэм хегъахъуэ.

Къалэм дэт Адыгэ Хасэм илъэсым тIэу зэхишэ адыгэ пшыхь зэхыхьэхэм щрагъэкIуэкI концертышхуэм Озан цIыкIуи хуолажьэ, сабий къэфакIуэ гупым яхэту.

Хамэ къэрал щыпсэу адыгэ сабийхэм я еджапIэхэм нобэр къыздэсым адыгэбзэ щеджэну Iэмал яIакъым. ИкIи, абы къыхэкIыу, Хэкум ис цIыкIухэм ахэр къохъуапсэ адыгэбзэкIэ зэрытхэфым, зэреджэфым папщIэ. Ахэр тхьэмахуэм зэ я адэ-анэхэм я гъусэу Адыгэ Хасэм макIуэхэри, адыгэбзэ зэрагъащIэ. Абдеж щызэроцIыху, щызэдоджэгу, къыщофэ, уэрэд щыжаIэ.

Дауи, цIыкIухэ, фэрэ дэрэ дедэIуэну дыхуейщ Озан и пшынэ еуэкIэм, ауэ мы журналым апхуэдэ Iэмал къыщыдимыткIэ, интернеткIэ дедэIуэнщ, езы цIыкIум мыр жытIэу дехъуэхъунщи:

– Тхьэм уригъэфIакIуэ, ди къуэш, ди дэлъху Озан цIыкIу!

Жу Озан и пшынэуэкIэм фыщедаIуэ хъунущ мыбдеж:

**https://www.youtube.com – Жу Озан и видеохэр.**

Зытхыжар
***ПАЩТЫ Мадинэ***



АБРОКЪУЭ Беллэ

# АДЫГЭБЗЭМ И ПШЫНАЛЪЭ

Дз – Гъатхэдзэр мэдзасэ,
Гъатхэдзэр мэдзакъэ!

Бзий дыгъэм къызыпхидзым
Щхьэгъубжэм зыкъыдидзу,
Си напIэр къызэтридзу,
Си нитIым зыныщIидзэу
Дзэ цIыкIухэр егъэдзасэ,
Си жейр егъэгузасэ…

ГъатхэщIэм и IэпIохуэр
ЕущIри зыспщIэхедзэ,
И бзийуэрэ мафIэдзым
IэфI гуэру гур зэредзэ.
Къызедзри мафIэ лыгъэ
И дахэр нэм къыIуедзэ:

Мажьэдзэ удзыфабзэу
Удз папцIэхэр къыпхедз…
Дадэжь и жьакIэ бацэу
Iув хъууэ къыкIэщIедз.
СоIусэ: – Шыпсыранэ!!
СопщIэу, зыпыIузодз.

Срещхьу хьэ дзэпкъауэм
СокIий: – Удз угъурсыз!
Уэ хущхъуэу зыбгъэIуауэ
КъоIусэр уогъэгыз,
Уи щхъухьыр уи Iупэдзэу.
Сэ сфIощI ухьэIуцыдз!

Iэпщацэм и нэжьгъуцыр
Дзы фIэсщым докIэзыз:
– Банэхум и Iэпщэцыр
ПIъэгъуакъыми уогыз.
Сэ си дзэр мастэпэбдзмэ,
Абы ейр дзасэ хужьщ!

– СыхуеIым мастэпэбдзи,
Банэху и дзасэ папцIи,
ГъатхэщIэм и IэмыщIэм
Уэ бзаджэр унтIысхьащ,
Гур дзапэкIэ щIэсIыгъэу
Дзэ уз къысщыбгъэхьащ!

– Iэ псыгъуэхэр зэблэбдзу
Уэ бати пхуэгъэшын?!
– Къизмыдзэу бадзэ дзакъэу
Дзэ узыр Iуезгъэчынщ,
Сыхъунщи дзажэ дакъэ,
Iэ пщIанэу укъисчынщ!

…Удз бзаджэм и ауаныр
Дзэлашхэу къызидзат,
Сэ си дзэм и узыныр
Си лIыгъэм дэкIуэдат.



# Апрелым и 1-р Гушыlэ махуэщ

«Сабийхэр гушыlэрэ, хьэмэрэ я фlэщыпэ?!» – А упщlэр дэ, балигъхэм, куэдрэ зыдотыж, фэ жыфlэхэмрэ фщlэхэмрэ дагъэдыхьэшхри. Фи фlэщ мыхъумэ, мы хъыбар цlыкlухэм фыкъеджэурэ фызэгупсысыж...

– Кlуцэ, уи пlэм ситамэ, куэд щlауэ сыlурихат...
– Си пlэм уитами? Нанэ, уэ си пlэм ухэхуэнутэкъым.

– Уа, Лъанэ, мыпхуэдизу упlащlэу умышх мы шоколадыр... Шыпхъу цlыкlу уэзэриlэр пщыгъупщэжа?
– Ар сощlэжри аракъэ сыщlэпlащlэр!

– Еплъыт, Лъанэ, мы къыпхуэсхьа тхылъыщlэм и дахагъым... Ауэ, къызжиlакъым жумыlэж, зэхэпфыщlэнщ, буфlеинщи, пхуэзгъэгъункъым.
– Умыгузавэ, мамэ, уэли, lэпэкlэ семыlусэн...

Лъанэ сымаджэщым яшащи, дохутырыр йоупщl:
– Сытщ жыпlа, щlалэ, узыгъэгузавэр?
– Сэ зыми сигъэгузавэкъым, дадэщ гузавэр... Абы и сыхьэтыр езгъэлъэтэхащ.

–Ей, Аслъэн, щlэхыу къыбгъэдэкlыт къэплъэн зэрыс гъущl хъарым!
– Мыр сыт, нанэ? Мыр ди джэдуужьыра уи гугъэрэ? Сэ мыбы и жагъуэ сщlыну сыхэткъым!..

– Сыт, тlасэ, мы кашэ хъарзынэр щlумышхыр? Дыгъужьым хуэдэу умэжалlэу жыпlати...
– Жыслат, ауэ дыгъужьми мы кашэр пхуишхынукъым, абы «лы» жиlэнущ...

Сурэт щlынымкlэ егъэджакlуэм:
– Уа, Аслъэн, зэпэхъуреибзэрэ икlи плъыжьу мыпхуэдэ тхьэкlумэкlыхь уэ щыплъэгъуар дэнэ?
– Уэракъэ, фи фантазиер вгъэлажьэ, жызыlар. Абы пхъы куэдыlуэ ишхауэращ.

– Сынохъуэхъу, Аслъэн, иужьрей махуэхэм уи унэ дерсхэр фlы дыдэу уогъэзащlэри,–жиегъэджакlуэм.– Пэжыр жыlэт: зыгуэр къыбдэlэпыкъурэ?
– Зыри къыздэlэпыкъукъым... Си телефоныр страхащиращ.

Адэр шхэну щытlысым Лъанэ «пlытхъ» жери къыщитхъащ.
– Сыт ущlэтхъэр?.. Ущlэдыхьэшхын лъэпкъ слъагъуркъым, – жи адэм.
– Утетlысхьащи, плъагъуlым.
– Сытым?
– Варенэ зытесцlалъа си щlакхъуэм.

Зыгъэхьэзырар
*ШЭРДЖЭС Дэбагъуэ*

# ХЭТ НЭХЬЫIФIУ ИМЫТХРЭ?!

**Нур цIыкIухэр ди зэпеуэм фыкъыхыхьэ!**

[ЩАПХЪЭ]

1. *ТхьэмыщкIэ лъагъугъуафIэкъым.*
2. *Уэсым хьэ лъэкъуампIэ къытощ.*
3. *Хуабэвэхыр псэущхьэхэми къохьэлъэкI.*
4. *ПцIэгъуэплъыр – адыгэш екIущ.*
5. *ХьэмфIанэкIэ хьэсэр япщIэ.*
6. *ТхыгъуафIэр – къеджэгъуафIэщ.*
7. *Сабийр зекIуамэ, лъэтеувэ хуащI.*

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| [illegible] | э | къу | а | м | пI | э |
| ху | а | б | э | в | э | х |
| ж | э | гъу | э | гъу | н | э |
| п | цI | э | [illegible] | э | п | лъ |
| хь | э | м | фI | а | н | э |
| т | х | ы | гъу | а | фI | э |
| лъ | э | т | е | у | в | э |

2016 гъэр иухыху ди журналым и дэтхэнэ къыдэкIыгъуэми щывгъуэтынущ мыпхуэдэ псалъэзэхэдзэхэр.

– Ныфхуэдгъэлъагъуэ щапхъэм ещхьурэ [еплъ щапхъэм] плIимэ нэщIхэм фэ къэвгъуэт псалъэхэр ифтхэ.

– А псалъэхэр хэту псалъэухахэр къэвгупсыс. Псом нэхъыфIыр: псалъэухар псалъэжьу, лъэпкъ Iущыгъэу щытмэщ. ПлIимэхэм псалъэр щифтхэкIэ **къэвгъэсэбэп хъунукъым: цIэ, унэцIэ, адэцIэхэр; къуажэ, къалэ, щIыпIэ гуэрхэм я фIэщыгъэхэр, урысыбзэм щыщ псалъэхэр.**

КъыдэкIыгъуэ къэс мыпхуэдэ напэкIуэцIхэм фелэжьурэ ахэр зэхуэфхьэс. Фи цIэ-унэцIэр, фи пощт хэщIапIэр ящIыгъуу, а напэкIуэцIхэр «Нурым» къыхуевгъэхь. ЦIыкIухэм фи лэжьыгъэхэр «Нурым» зэригъэпщэнущи, нэхъыфIу джэгуахэм саугъэт гъэщIэгъуэнхэр яритынущ. ИтIанэ, цIыкIухэ, мы зэпеуэм къыхыхьа дэтхэнэри «Нурым» гулъытэншэу къигъэнэнукъым. КъыкIэлъыкIуэну къыдэкIыгъуэхэм факIэлъыплъ!

Зэпеуэм теухуауэ нэхъыбэ къэфщIэну фыхуеймэ, «Нурыр» щIэвджыкI. Саугъэт лIэужьыгъуэхэм, апхуэдэу зэпеуэ-джэгум и хабзэхэм ехьэлIауэ хъыбар иджыри фэдгъэщIэнущ.

Аращи, щIыдодзэ!

Iу лъыфтэ: Хьэрф зэгуэтхэр зэгъусэу зы ☐ итын хуейщ!

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| б | | | | | | |
| | ж | | | | | |
| | | э | | | | |
| | | | щ | | | |
| | | | | хь | | |
| | | | | | э | |
| | | | | | | Iу |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| хь | | | | | |
| | э | | | | |
| | | къу | | | |
| | | | щ | | |
| | | | | ы | |
| | | | | | къу |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| и | | | | |
| | а | | | |
| | | хъу | | |
| | | | т | |
| | | | | э |

| | | |
|---|---|---|
| щ | | |
| | ы | |
| | | хь |






Еуэрэ-еуэрэт, жи. Зыри зимыӀэм выжьитӀ иӀэти, хьэмэшыпхэмкӀэ[1] къэрихуэкӀым-къэрихуэкӀыурэ, мылым щӀэцӀэнтхъукӀщ, джалэщ, и нэм маскӀибл къыщӀипхъри плӀанэпиблым дипхъащ.




[1] Хьэмэшыпхэ (щӀыбагъыӀуэ) - загон для скотины, отгороженный за хлевом.




Наужьыр щтэри щхьэгъубжэм дэлъащ; щхьэгъубжэ лъабжьэм деж дыгъэ эригъэзууэ зы хьэпшыр цIыкIу щылъти, ар къыщилъагъум, "ухъ-хъ-хъ",- жери щтэри дэшхуеижьым дэжеящ. Жэщ хъуху къемыхыжыфу тесащ, жи, «нау, нау» жиIэу пщIэууэ. Жэщ хъууэ хьэпшырыр Iуахужа нэужьщ къыщехыжар.




*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 4 2016 г.

Учредители:
Госком КБР по печати и массовым коммуникациям.
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР».

И. о. главного редактора
**Б. АБРОКОВА**

Редколлегия:
**Х. КАРМОКОВ**
**А. КАРМОВА**
**Е. ТХАМОКОВА**
**Х. ТИМИЖЕВ**
**П. ХАТУЕВ**

Художественный редактор
**М. ХАЛИЛОВА**

Набор и верстка
**И. РАСТОРГУЕВОЙ**

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07-00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР

Подписано к печати
06.04. 2016 г.
Выход в свет 29.04. 2016 г.

Формат 60x90 1/8
Бумага офсетная № 1
Гарнитура Arial Cyr, Minion Pro
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2660 экз.
Заказ № 248
Индекс 73912
Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,19 руб.;
за 6 мес.– 79,14 руб.
В розницу – цена свободная

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5
42-75-30, 42-17-53
nur46@mail.ru

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КИО СМИ КБР».
Дом печати

Отпечатано
ООО «Печатный двор»
360030, КБР, г. Нальчик,
ул. Калюжного, 1
printhouse07@gmail.com,
тел. 74-11-33.